

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan polah ucap humoris basa Sunda dina drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama kelas XI bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan, wanda polah ucap humoris anu kapanggih dina naskah drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing, ngawengku polah lokusi, polah ilokusi, jeung polah perlokusi.

Kadua, Prinsip polah ucap humoris anu kapaluruh nyaéta, prinsip rempug jukung anu kabagi deui nyaéta maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi, maksim cara. Prinsip kasopanan anu kabagi deui nyaéta maksim handap asor, maksim pangcocog, maksim katumarima, maksim kasimpati, maksim balabah, jeung maksim kawijaksanaan.

Katilu, Fungsi polah ucap humoris anu kapaluruh nyaéta, fungsi impositif, fungsi ékprésif, fungsi asértif, jeung fungsi komisif.

Dumasar kana data anu geus dipedar, katitén yén wanda, prinsip, jeung fungsi polah ucap humoris dina naskah drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing téh euyeub pisan unsur humorisna anu bisa diwanohkeun ka siswa ngaliwatan pangajaran aprésiasi drama kelas XI.

5.2 Implikasi

Wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, jeung fungsi polah ucap humoris dina naskah drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing téh bisa di larapkeun di sakola dina pangajaran aprésiasi drama kelas XI, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- Siswa dibéré téks naskah drama mangrupa sempalan tina naskah drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing.
- Siswa dibéré pancén pikeun maca sempalan nakah drama.
- Siswa ngabédakeun bentuk drama komédi jeung lianna.

Sri Veni Oktaviani, 2018

POLAH UCAP HUMORIS DINA DRAMA JURAGAN HAJAT KARYA KANG IBING PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA KELAS XI (ULIKAN PRAGMATIK)

- Siswa nganalisis paguneman anu ngandung humor kana polah ucap humoris anu kabagi jadi wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, jeung fungsi polah ucap humoris.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Sabada nengetan, ngaanalisis, jeung ngalarapkeun wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, jeung fungsi polah ucap humoris dina sempalan naskah drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanna, saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana polah ucap humoris basa Sunda dina sempalan naskah drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing.
- 2) Parigel maluruh polah ucap humoris dina karya prosa lianna.
- 3) Parigel nyieun paguneman anu ngandung polah ucap humoris.

5.3 Saran

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

1. Pikeun panalungtik saterusna, salila panalungtikan aya sababara hal anu teu bisa diulik ngagunakeun tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Ku kituna, leuwih hadé ieu panalungtikan bisa diulik dina tiori séjénna saperti aspék daya humorna, contona waé saperti *pelesetan* jeung daya humor séjénna anu réa digunakeun dina bobodoran anu aya dina drama karya *Kang Ibing*.
2. Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan dina panagajaran aprésiasi drama.
3. Pikeun masarkat, objék garapan dina ieu panalungtikan mangrupa drama komédi anu *fenomenal* anu dianggit ku komédian Sunda anu kasohor. Ku kituna, dipiharep urang Sunda bisa ngamekarkeun tur bisa ngaguar poténsi kana humor ngaliwatan karya boh éta dina wangun prosa boh éta dina wangun puisi sangkan humor Sunda leuwih kakoncara.

Sri Veni Oktaviani, 2018

POLAH UCAP HUMORIS DINA DRAMA JURAGAN HAJAT KARYA KANG IBING PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA KELAS XI (ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu